

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa wadah pikeun ngébréhkeun ide atawa pikiran pangarang ngaliwatan gambaran pangalaman anu karandapan ku pangarang éta sorangan. Salian ti kitu, karya sastra ogé mangrupa refleksi tina kaayaan sabudereun, boh ngeunaan sosial, boh ngeunaan lingkungan. Ku kituna sastra jeung masarakat mangrupa hiji beungkeutan anu moal bisa dipisahkeun. Boh dina kanyataan boh bebeneran dina carita anu diébréhkeuna.

Ku kituna réa pangarang karya sastra anu nyaritakeun hiji téma anu sarua dina karya sastra anu ditulisna. Sabab pangarang bisa ngébréhkeun idé atawa pikirana ngaliwatan pangalaman atawa kajadian anu aya di sabudereun lingkunganna.

Karya sastra dibagi jadi tilu nyaéta prosa, puisi jeung drama. Dina ieu panalungtikan maluruh karya sastra anu aya dina wangun prosa. Karya sastra prosa nyaéta karangan tina rakitan basa sapopoé, tanpa ngolah atawa ngatur intonasi anu matok. Prosa ogé dibagi deui jadi dua nyaéta prosa heubeul jeung anyar (Isnendes, 2010, kc. 25). Dina ieu panalungtikan karya sastra heubeul anu rék ditalungtik nyaéta dongéng.

Salah sahiji dongéng anu medal taun 2014 nyaéta *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga anu diterbitkeun ku PT. Kiblat Buku Utama. Dongéng *Nyi Sarikingkin* nyaritakeun putri Nyi Sarikingkin anu ditinggalkeun maot ku indungna, teu lila bapana nikah deui jeung hiji awéwé anu jadi indung téréna. Indung téréna teu narima pisan para putrana kaéléhkeun ku Nyi Sarikingkin anu boga loba pangabisa tibatan para putrana. Ku lantaran kitu indung téréna nyieun kahirupan anu dijalankeun ku Nyi Sarikingkin aya dina kasangsaraan (TB. Djajadilaga, 2014).

Jalan carita dina *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga miboga kasang tukang anu sarua jeung dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm anu nyaritakeun putri anu ditinggalkeun maot ku indungna. Teu lila bapana nikah deui ka hiji awéwé anu geus boga dua budak. Indung téréna teu weléh ngabéda-bédakeun putri jeung lanceuk-

Ernawati, 2021

BABANDINGAN DONGÉNG NYI SARIKINGKIN KARYA TB DJAJADILAGA JEUNG ASHPUTTEL KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

lanceuk téréna, anu nyieun putri téh hirup dina kasangsaraan. Putri téh katelahna Ashputtel anu miboga harti *putri abu* (Grimm, 2010, kc. 68).

Salian tina kasang tukang carita anu sarua nyaéta putri jeung indung téréna. Carita *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung *Ashputtel* karya Jacob Grimm mangrupa karya sastra anu dikembangkeun tina carita anu sumebar sateuacanna. Dongéng *Nyi Sarikingkin* mangrupa karya hasil terjemahan atawa adaptasi tina karya sastra deungeun nyaéta *Cinderella*. Malah carita anu sawanda jeung *cinderella* mah universal. Sabab biasana nyaritakeun rumaja awéwé geulis anu hirupna kasangsara ku indung téré jeung lanceuk-lanceuk téréna. Biasana sok ditulungan ku hiji jalma anu miboga kakuatan magis atawa sok disebut *ibu peri*. Kulantaran kasabaran dina narima nasib, akhirnya mah putri téh manggihan kabagjaan dina kahirupanna. Dongéng *Nyi Sarikingkin* salah sahiji karya sastra anu di karang ku TB. Djajadilaga anu lebet kana evaluasi buku sunda ti ketua LBS UNPAS anu diterbitkeun taun 2014. Sedengkeun *Ashputtel* karya Jacob Grimm mangrupa salah sahiji carita dongéng anu dikembangkeun ku Grimms bersaudara di Eropa pikeun mantuan barudak anu aya di Jerman dina maham carita sarta pikeun ngawanohkeun karya Grimms bersaudara dina widang linguistik. Sabab carita-carita anu ditulis ku Grimm bersaudara mangrupa carita-carita anu aya di Eropa.

Nilik kana sababaraha hal diluhur, ieu panalungtikan medar jeung nganalisis ngeunaan struktur carita *Nyi Sarikingkin* karya TB Djajadilaga jeung *Ashputtel* karya Jacob Grimm anu miboga kasang tukang carita anu sarua nyaéta putri jeung indung téréna sangkan kapanggih naon sasaruana jeung bébédaanana dina dua carita anu miboga kasang tukang carita anu sarua.

Dina ieu panalungtikan, digunakeun pamarekan struktural jeung sastra bandingan. Saméméh maluruh ngeunaan sasaruana jeung bébédaan dina dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung *Ashputtel* karya Jacob Grimm, dipaluruh heula ngeunaan strukturna ngagunakeun pamarekan struktural. Strukturalisme nyaéta unsur pokok anu ngawangun struktur karya sastra. unsur pokok anu ngawangun struktur karya sastra ngawengku téma, fakta carita jeung sarana carita (Koswara, 2013,

kc. 3). Luyu jeung pamadegan Nurgiyantoro (2015, kc. 11), anu nétélakeun yén analisis karya sastra kudu museur kana unsur-unsur intrinsik pangwangunna.

Saenggeus kitu éta karya sastra bisa dibandingkeun maké tiori sastra bandingan. Sastra bandingan dipaké pikeun maluruh hubungan sastra nurutkeun aspek waktu jeung tempat (Endraswara, 2014, kc. 107). Sastra bandingan dina ieu panalungtikan dipaké pikeun nganalisis sasaruana jeung bébédaan anu aya dina dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm sacara struktural.

Tiori sastra bandingan miboga kaonjoyan pikeun mikanyaho hubungan antara hiji karya jeung karya séjén, tuluy ngaliwatan ieu tiori bisa méré nyaho pangaruh hiji karya sastra kana karya sastra séjén. Dina ieu panalungtikan, museur kana panalungtikan analisis téma, tokoh, galur jeung latar dina carita dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung *Ashputtel* karya Jacob Grimm. Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun méré pangaweruh ngeunaan sasaruana jeung bébédaan dina eusi carita dongéng *Nyi Sarikingkin* jeung *Ashputtel* anu miboga kasang tukang anu sarua nyaéta putri jeung indung téréna.

Dumasar kana sawatara katerangan diluhur, katitén tos aya sababaraha panalungtikan ngeunaan sastra bandingan nyaéta *Perbandingan Novel Lain Eta Karya Moh. Ambri Dengan Djeumpa Atjeh Karya H.M. Zainuddin (Kajian Struktural dan Etnopedagogik)* panalungtikan anu dilakukeun ku Witri Gustiani nyaéta medar ngeunaan struktur carita *Lain Eta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin anu dipakaitkeun sareng etnopedagogik. Lian ti éta aya panalungtikan kalawan judul “*Perbandingan cerita putri kasangsara karya Raden Ayu Lasminingrat dan Gadis Angsa karya Jacob Grimm (Seminar internasional, sastra, budaya, dan pembelajaran Vol. 1)*” ku Ruhaliah. Panalungtikan anu dilakukeun ku Ruhaliah taun 2018, medar ngeunaan struktur carita tina carita putri kasangsara karya Raden Ayu Lasminingrat jeung *Gadis Angsa* karya Jacob Grimm.

Panalungtikan dina ieu skripsi tangtu béda jeung panalungtikan anu saacana tos dilaksanakeun. Dina ieu panalungtikan objék anu dibandingkeun nyaéta dongéng *Nyi*

Ernawati, 2021

BABANDINGAN DONGÉNG NYI SARIKINGKIN KARYA TB DJAJADILAGA JEUNG ASHPUTTEL KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sarikingkin karya TB. Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm tina jihat sawangan ulikan struktural jeung sastra bandingan, Ku kituna perlu diayakeun panalungtikan anu dirumuskeun jadi judul “Babandingan Dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB Djajadilaga jeung *Ashputtel* karya Jacob Grimm (Ulikan Struktural jeung Sastra Bandingan)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang diluhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ngaliwatan kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha struktur dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB Djajadilaga?
- 2) Kumaha struktur dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm?
- 3) Kumaha babandingan struktur carita dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah anu dipedar saméméhna, ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan pangaweruh atawa élmu ngeunaan sastra. Salian ti éta pikeun maluruh babandingan carita dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm anu miboga kasang tukang anu sarua nyaéta putri jeung indung téréna.

1.3.2 Tujuan Husus

Anapon tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Unsur struktural anu aya dina dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB Djajadilaga.
- 2) Unsur struktural anu aya dina dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm.
- 3) Analisis babandingan struktur carita dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm.

1.4 Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Téoritis

Sacara teoritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngamekarkeun élmu pangaweruh ngeunaan larapna unsur struktural jeung sastra bandingan pikeun alternatif dina nganalisis karya sastra.

1.4.2 Manfaat Praktis

Mangpaat praktis anu bisa dicangking tina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu dihandap.

- 1) Ngajembarkeun pangaweruh ngeunaan karya sastra, hususna dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm.
- 2) Bisa jadi sumber référénsi pikeun para mahasiswa jeung akademisi séjénna dina nalungtik karya sastra.
- 3) Pikeun panalungtik bisa nambahan élmu pangaweruh hususna ngeunaan unsur struktural jeung sastra bandingan.
- 4) Pikeun masarakat umum ieu panalungtikan bisa ngajembaran élmu pangaweruh hususna dina karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan téh disusun jadi sababraha bab, sakumaha pedaran ieu di handap.

1. Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua; tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi dua; mangpaat tina segi téoritis jeung mangpaat tina segi praktis, sarta raraga tulisan.
2. Bab II Ulikan Téori. Dina ulikan téori anu diguar nyaéta ngeunaan dongéng, téori strukturalisme Robert Stanton, téori sastra bandingan Endraswara, panalungtikan saméméhna, raraga mikir. Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi patarosan, sarta luyu jeung objék kajian panalungtikan.

3. Bab III Metode Panalungtikan. Ngadéskripsikeun metode deskriptif analisis pamarekan kualitatif, sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, tehnik panalungtikan, instrument panalungtikan.
4. Bab IV Hasil Panalungtikan. Ngadéskripsikeun hasil analisis babandingan dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung *Ashputtel* karya Jacob Grimm ulikan struktural jeung sastra bandingan.
5. Bab V Kacindekan. Ngadéskripsikeun Kacindekan dina hasil analisis babandingan dongéng , *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm ulikan struktural jeung sastra bandingan sarta saran pikeun panalungtikan salajengna.